

AKSEDE A LIV ENFÒMATIF POU APLIKAN/BENEFISYÈ YO

Si ou se yon moun ki avèg oswa ki gen twoub vizyèl grav, epi ou bezwen fòmilè sa oswa liv yo nan yon fòma altènatif (fèy enprime ki laj, CD odyo oswa done, oswa Langaj Bray) kontakte distrik sèvis sosyal ou a. Fèy enprime ki laj, fichye odyo ak done yo disponib tou pou telechaje nan <http://otda.ny.gov/> ki anba "Forms". Si ou mande yon lòt akomodasyon, tanpri kontakte biwo distrik sèvis sosyal lokal ou a.

Yo ofri fòmilè sa ak twa liv enfòmatif yo nan divès lang epi yo disponib sou entènèt nan <http://otda.ny.gov/> anba "Forms". Pou wè liv yo swiv lyen ke yo bay lan, klike sou "Forms" epi desann anba nan paj lan jiskaske ou wè tit liv yo. Tit liv yo mansyone anba la a.

Ou kapab tou jwenn liv ki enprime nan Biwo Distrik zòn ou an yo, oubyen fè yo voye yo pou ou nenpòt lè ou mande sa.

Liv 1: Kisa Ou Ta Dwe Konnen Sou Dwa ak Responsabilite ou yo (LDSS-4148A)

Liv sa enfòme ou sou dwa ak responsabilite ou yo lè w'ap aplike pou avantaj yo oswa lè w'ap resevwa yo.

Liv 2: Kisa Ou Ta Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo (LDSS-4148B)

Liv sa bay enfòmasyon sou diferan pwogram ki disponib yo - tankou Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA), Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) menm jan ak Asistans Medikal (Medical Assistance, MA) (ki gen ladan Medicaid, Sante Fanmi Plis, ak Pwogram Avantaj Planifikasyon Familyal). Li bay tou lòt enfòmasyon sou lòt sèvis yo ki gen ladan yo swen timoun, fanmi adoptif, pwoteksyon timoun yo, adopsyon, ansanm ak lòt pwogram ki disponib yo.

Liv 3: Kisa Ou Ta Dwe Konnen Si Ou Gen Yon Ijans (LDSS-4148C)

Liv sa di ou kisa ou dwe fè nan ka ou gen yon ijans - tankou si ou bezwen asistans imeda pou refij, manje, sèvis piblik, depans kabiran, oswa atansyon medikal.

Ou gen pèmisyon pou jwenn enfòmasyon sou dwa ak responsabilite ou yo antan ke yon aplikan oswa benefisyè sèvis ak avantaj pwogram yo.

Bon jan enfòmasyon ki nan liv sa yo kapab ede ou lè w'ap aplike pou avantaj yo oswa lè w'ap resevwa yo. Li enpòtan anpil pou ou li liv sa yo epi konprann enfòmasyon yo. Si ou gen nenpòt kesyon apre ou fin li liv yo, oubyen si ou bezwen asistans pou jwenn aksè a enfòmasyon yo, ou kapab kontakte biwo distrik ou an pou mande asistans.

Moun k'ap rele ki gen difikilte pou tandé yo kapab itilize sèvis Relè Eta New York lan nan rele 711 oswa nimewo telefòn TTY yo nan 1-800-421-1220 oswa 1-800-662-1220.